# MA'LIMLEME XIZMETININ' JUMIS ISKERLIGI

**Nurbekova Nursuliw**
QMU magistranti

**Kallibekova Gulnara**
QMU oqitiwshisi

## ANNATACIYA

Maqalada baspasoz xatkerlerinin jumis iskerligi haqqinda soz boladi. Informaciya jetkeriwdegi operativligi, sheberligi, qalisligi misallar tiykarinda aship beriwge erisildi

**Gilt so'zler:** Ma'limleme xizmeti, xabar jan'aliq,Xabar, janaliq, fakt, fotofakt, respondent, auditoriya

Bugingi globallasiw dawirinde internet tarmaginin siz ham bizge jaratip atirgan imkaniyatlari elede keneyip, mumkinshilikler kun sayin artip barmaqta. IT qanigeleri tarepinen bir qansha qurilma ham texnologiyalardin iske tusiriliwi natiyjesinde awir jumislarimizdin bir qansha jenillengeni de ras. Bul bagdardagi engizilgen janaliqlar galaba xabar qurallari wakillerinin'de jan'a jetiskenliklerge erisiwine sebep bolmaqta. A'sirese, waqiya ornina barip, apiwayi g'ana qol telefon arqali mobil reportajlar tayarlaw, oni redaktorlaw ham ken auditoriyaga uzatiw siyaqli funkciyalar ilgeri u'sh shtatti ozinde jamlestirgen. Yagniy bunda operator, redaktor, montaj ustasi siyaqli kasiplesler menen birgelikte tayarlangan bolsa, bugingi kunge kelip joqari oqiw orinlarinda bir gana baspasoz xizmeti mine, usi siyaqli waziypalardi atqarip kelmekte. Jamiyetshilik penen baylanislar ornatiwda ham bekkemlewde baspasoz xizmetlerinin orni ayriqsha. Sebebi baspasoz xizmeti oz uyiminin yamasa sholkeminin jamiyetshilik penen baylanislarin jolga qoyip, onin unamli imidjin jaratadi. Baspasoz xizmeti sholkem menen jamiyetshilik arasindagi "informaciyaliq kopir" waziypasin atqaradi. (1) Вестник. КГУ им. Бердаха. №4 (53) 2021. Qaraqalpaqstandagi Joqari oqiw orinlarinin internet tarmaginda jaratilgan rasmiy betleri ham onda jariyalangan daslepki informaciyalar mazmuni boyinsha izertlew jumislarin alip barganimizda Muhammed al-Xorezmiy atindagi Tashkent informaciyaliq texnologiyalar universiteti Nokis filialinin' internettegi rasmiy beti «TATU NF – Janaliqlar» atamasinda jaratilg'anligin ko'riwimiz mu'mkin. Bul telegram kanalinin' payda boliw tariyxina toqtalatug'in bolsaq, tun'g'ish informaciya 2016-jil 20-may sanesinde kanalda jaygastirilgan. Bul informacion post tomendegishe mazmunnan ibarat:

TITU Nokis filiali ziyrek studentler menen islesiw ham turli tanlawlar, konkurslar,korgizbeler haqqinda magliwmat berip baramiz. [Toparga tek TATU NF studentlerin mirat etin] degen tekst penen juwmaqlanadi. Bul postti 16:05 te jaygastirgan bolsa, oni kanal jaziliwshilarinan tek gana 269 agza gana oqiganligin koriwimizge boladi. Bunnan son, 16:57 de bolsa, ekinshi informaciyaliq maqalanin' jariyalang'anligin ko'riwimiz mu'mkin. Ol maqala temasi menen baylanisli bolgan foto suwretler menen tomendegi mazmunda jazilg'an:

**Studentler portalın ja'nede rawajlandırıw boyınsha seminar bolıp o'tti**

Tashkent informatsiyalıq texnologiyaları universiteti No'kis filialında usı jıldın' 19-may sa'nesinde Kamolot JJH QR Ken'esi ha'm Studentler Internet Ha'reketi ta'repinen Studentler portalın ja'nede rawajlandırıw ha'm jas programmist ha'm jas jurnalistlerdi anıqlaw maqsetinde oqıw seminarı bolıp o'tti. Usı seminarg'a TITU No'kis filialı ha'm O'zbekistan ma'mleketlik ko'rkem-o'ner institutı No'kis filialı student jasları belsendi qatnasti. Seminardı o'tkeriwden tiykarg'ı maqset ziyrek studentlerdi anıqlaw ha'm media-lagerge qatnasıw ushın intalı studentlerdi tan'lap alıw ha'm joba shen'berindegi tu'rli tan'lawlarg'a qatnasıwın ta'miyinlew bolıp tabıladı. Seminar son'ında student jaslar internet texnologiyaları boyınsha media-lagerge qatnasıw ushın anketalar toltırdı. Anketa sorawlarınan tabıslı o'tken student jaslar usı media-lagerde o'z bilimlerin ja'nede jetilistiredi.

Mine, bul informaciyaliq maqalani Joqari oqiw orninin ken auditoriyasinan tek 285 agzasi gana oqiganligin koriwimizge boladi. Albette, bul 2016-jilgi kanal guzetiwshileri sani qansha bolganligin itimalli turde korsetedi. Izertlew jumisimizdin tiykargi obiekti bolgan bul joqari oqiw orninin «TATU NF – Janaliqlar» atamasindagi telegram kanali assistent oqitiwshi Bekbosin Xalmuratov tarepinen filialdin ziyrek studentleri menen baylanis ornatiw maqsetinde jaratilgan.

Joqari oqiw orninin bul telegram kanali haqqinda kenirek toqtalatugin bolsaq, hazirgi kunde ozinin1362 guzetiwshisine iye. Bunda **t.me/titunf** siltemesi arqali 7 jildan beri xizmet korsetip kiyatirgan bul kanal guzetiwshileri ushin jane de qolayliq jaratiw maqsetinde **@titunfpressa** atamasi menen baylanis deregi korsetilgen. Bunnan tisqari, internet tarmagindagi rasmiy betlerinin

Baylanıs: @titunfpressa, Facebook:https://fb.com/tatunf.uz, Youtube: https://bit.ly/3z9RdAp, Telegram: https://t.me/titunf, Sayt: https://tatunf.uz, Blog: http://fikr.uz/blog/tatunf , JA: https://t.me/titunfjaslarawqami

Qabıllaw: https://t.me/tatunfqabul2021 siyaqli internet adressleri haqqinda toliq magliwmatlarda orin algan. «TATU NF – Janaliqlar» telegram kanalina kirgenimizde bilim dargayinin logotipin koriwimiz mumkin. Bul logotipte filialdin toliq atamasi ham Ozbekstn Respublikasinin bayragi sawlelengen. Bunnan son, 17:01 de **Жаңа идеялар жемиси турмысымызда**

Mine, usi tema menen jane bir tomendegishe informacialiq maqalanin jaygastirilganligin koriwimiz mumkin.

Усы жылдың 11-13 май сәнелеринде Ташкент қаласынағы “Ўзэкспомарказ”да IX Инновациялық идеялар, технологиялар ҳәм проектлер республика ярмаркасы болып өтти. Ҳәр жылы дәстүрли түрде өткерилетуғын усы ярмаркаға быйыл 650 ден аслам проектлер көргизбе стендлеринен орын алды. Усы Инновациялық идеялар, технологиялар ҳәм проектлер республика ярмаркасында усынылып атырған жаңалықлардың 130 ы санаат, 116сы аўыл хожалығы тараўындағы актуал мәселелерди шешиўге қаратылған. Ал 130 дан аслам исленбе ҳәм алдыңғы технологиялар денсаўлықты сақлаў ҳәм фармацевтика ушын арналған. 89ы болса, информациялық технологиялар ҳәм 34 ти илим-пән ҳәм билимлендириў тараўындағы бағдарламалық өнимлер. Үш күн даўам еткен ярмаркада тараў кәрханалары менен көплеген шәртнамалар дүзилди. Сондай-ақ ең жақсы деп баҳаланған проектлер қымбат баҳалы саўғалар ҳам дипломлар менен сыйлықланды. Bul maqalani telegram kanalinan 225 agza gana oqigan ham bir gana qayta tarqatiw amelge asirilgan. Albette, bul maqaladaa jurnalistikaliq talaplarga juwap bergen halda waqiya orninan tusirilgen foto suwretler menen bayitilga. Onda filialda oz iskerligin alip bariwshi professor-oqitiwshilar ham ziyrek student – jaslardin tanlawda qatnasp, ozleri tayarlap kelgen proektlerin tanlaw qatnasiwshilarina usinip atirganligin koriwimiz mumkin. Bulda oz nawbetine bilimlendiriw mekemesinin turmisina baylanisli xabar ham jananaliqlardin informaciya maydaninda isenimli turde aniq faktler menen tarqatilip atirganligin bildiredi. Kanalda jaylastiriligan maqalalardi analizleytugin bolsaq, keyingi maqalada tap sol siyaqli ziyrek studentler haqqinda soz etilgen. “**Jurt Keleshegi-2016 Respublika Tan’lawı” nın’ qalalıq basqıshı o‘tkerildi.**

Maqalada: Bunda filialımızdan 4 student qatnasıp, olardan 3ewi QR basqıshına jollama aldı. Programmalastırıw nominatsiyası boyınsha 3-kurs studenti Quvvatova Muborak ha’m 2 b KI kurs studenti Orınbaeva Alima keyingi basqıshqa jollama alg‘an bolsa, Veb Programmalastırıw bag‘darı boyınsha 3 KI kurs studenti Sobirov Orif QR basqıshına qatnasıw ushın jollama aldı. (Tan’law su’wretlerin Muborak qosadı)dep juwmaqlangan. Albette, maqala soninda keltirilgenindey, kanal tek gana bir admin tarepinen jurgizilmegenligin anlawga bolaadi. Demek, bunda birneshe volontyorlarda xizmet etkenligin bildiredi. Maqaladan son, albette, fotolar jaygastirilgan. Bunda jenimpazlardin siyliqlanip atirganligin koriwimizge boladi. Maqala mediametrikasina toqtalatugin bolsaq, 17:06da jaygastirilgan bul maqala bir marte qayta tarqatilip, kanalda 201 agza tarepinen oqilgan.

Bugingi kunge kelip bul telegram kanal filialdin internettegi rasmiy beti bolip esaplanadi. Basqasha etip aytqanda, Joqari oqiw orninin informaciyalardi tarqatiw

makani bolip tabiladi. Sonliqtanda, onda baspasoz xizmeti tarepinen doretilgen maqalalar, janaliqlar sawlelendirilip bariladi. «TATU NF – Janaliqlar» telegram kanalinda tiykarinan bilimlendiriw bagdarindagi janaliqlar orin algan. Sonday-aq, filial turmisina baylanisli dagazalar, xabarlar da jariyalanip, ken auditoriyaga jetkerip berilmekte. «TATU NF – Janaliqlar» telegram kanali arqali bugingi kunge shekem 12307 xabar ham magliwmatlar jariyalangan bolip, sonnan 11423i fotosuwretler, videolar 884 , giflar 5, fayllar 94, siltemeler 2336, muzika 25 ham dawisli xabarlar 18di quraydi. (2023-jil 3-avgust)Filial turmisinda juz bergen en ahmiyetli waqiya ham janaliqlar baspasoz xizmeti tarepinen tayarlanip, Ozbekstan ham Qaraqalpaqstan kolemindegi internet tarmaqlari ham telekanallari arqali jariq koredi. Albette, filial jetiskenliklerin ken jamiyetshilikke jetkeriwde baspasoz xizmetinin orni ayriqsha. Onnan materiallardi tayarlawda en daslep operativlik, faktler menen islesiwde qatelikke jol qoymaw ham en baslisi doretiwshilik sheberlik talap etiledi. Mine, bul funkciyalardi orinlaw baspasoz xizmeti jumisinda jaqsi natiyjelerdi bereri sozsiz.

## PAYDALANG‘AN A’DEBIYATLAR: (REFERENCES)

1. Mirzo U’lug‘bek nomidagi O‘zbekston Milliy universitetining 90 yilligiga bag‘ishlab tashkil etilgan “Audiovizual jurnalistikaning dolzarb muamolari” (Ilimiy maqolalar to‘plami) Toshkent – 2008
2. O‘zbekiston Jurnalistika va ommaviy kommunikatsiyalar universiteti “Zamonaviy bosma OAV muammolari : Xalqaro va milliy tajriba” (Respublika ilimiy-amaliy konferensiya materiallar 2020 yil 27-mart) Toshkent – 2020
3. O‘zbekiston Jurnalistika va ommaviy kommunikatsiyalar universiteti “Globalashuv davrida PR va xalqaro kommunikatsiyalar:ananalar va innovatsion yondashuv”(Respublika miqiyosidagi ilimiy-amaliy konferensiya materiallari toplami) Toshkent – 2020
4. S.A.Esemuratova “Fuqoralik jurnalistikasining rivojlanishida internet-resurslarining roli” (Qoraqolpog‘iston internet – resurslari misolida)
5. A.Orazov QMU xabarshisi “Qaraqalpaqstanda da’slepki baspaso‘z xizmetleri oraylari” №2 No‘kis - 2020